

Pwosedì sou Sekirite pou Elèv Eksepsyonèl ki gen Don

6A-6.03313 Pwosedì sou Sekirite pou Elèv Eksepsyonèl ki gen Don.

Ofri paran enfòmasyon konsènan dwa yo genyen anba regleman sa a enpòtan pou asire yo genyen opòtinite pou yo vin tounen patnè nan pran desizyon konsènan pitit yo. Li enpòtan tou pou komisyon konsèy nan zòn yo ofri enfòmasyon sou dwa sa yo bay anplwaye ak distri lekòl ki apwopriye pou yo kab byen idantifye bezwen elèv la e pou yo kab sèvi li. Règ komisyon konsèy la ak pwosedì sou sekirite yo dwe ann akò avèk Regleman 6A-6.03411, FAC., e yo dwe genyen ladan yo pwovizyon adekwat pou sa k ap suiv yo:

(1) Avi anvan

Distri lekòl la dwe ofri paran yo avi alekri anvan nan yon tan rezonab anvan nenpòt pwopozisyon oubyen refi pou inisye oubyen chanje idantifikasyon, evalyasyon, plasman edikasyonèl elèv la oubyen pwovizyon pou yon edikasyon leta gratis apwopriye pou elèv la.

(a) Avi anvan pou paran yo dwe ekri nan yon langaj tout moun kab konprann e yo dwe fèt nan lang natif yo oubyen nan lòt fason yo abitye amwenske li klèman pa fezas pou kominikasyon sa a rive fèt.

(b) Si fason kominikasyon paran yo pa yon langaj ki ekri, distri lekòl la dwe asire:

1. Avi a tradui pou paran yo oralman oubyen nan lòt fason nan lang natif yo oubyen nan fason yo kominike;
2. Paran yo konprann kontni avi a; e
3. Genyen yon dokimantasyon alekri ke obligasyon sou paragraph (1)(b)1. e 2. pou regleman sa a te deja fèt.

(c) Avi paran yo dwe genyen ladan:

1. Yon deskripsyon aksyon dristri a pwopoze oubyen refize, yon eksplikasyon sou poukisa distri a pwopoze oubyen refize pran aksyon an, e yon deskripsyon opsyon distri a te konsidere e rezon poukisa opsyon sa yo te rejte;
2. Yon deskripsyon chak pwosedì evalyasyon, tès, rekò, oubyen rapò distri a itilize kòm baz pou aksyon yo pwopoze oubyen refize a;
3. Yon deskripsyon nenpòt lòt faktè ki gen rapò ak pwopozisyon oubyen refi distri a; e
4. Enfòmasyon sou kòman paran an kab jwenn yon kopi pwosedì sou sekirite ki espesifye nan regleman sa a.

(2) Kontni ak Pwovizyon Pwosedè pou Sekirite Paran yo

- (a) Paran yo dwe jwenn yon kopi pwosedè pou sekirite ki ofri yon eksplikasyon konplè sou pwovizyon ki genyen nan regleman sa a.
- (b) Yon kopi pwosedè pou sekirite dwe disponib pou paran yon timoun ki gen don, e yo dwe bay paran yo li, nan yon minimòm:
 - 1. Lè yo bay premye referal pou evalyasyon;
 - 2. Lè yo refize demand yon paran pou fè yon premye evalyasyon;
 - 3. Lè yo voye yon avi pou chak reyinyon EP; e
 - 4. Lè yo resevwa yon demand distri lekòl la oubyen yon demand paran an pou al nan odyans pou pwosedè pou yon jijman ki ann akò avèk souseksyon (7) regleman sa a.

(3) Konsantman yon paran ki enfòmè

- (a) Paran yo dwe konplètman enfòmè sou tout enfòmasyon ki gen rapò ak aksyon yo mande konsantman pou li a nan lang natif yo oubyen nan lòt fason yo kominike amwenske kominikasyon an klèman pa fezab.
- (b) Yo dwe jwenn konsantman paran an alekri anvan yo fè yon premye evalyasyon pou detèmine elijibilite e anvan pwovizyon sèvis inisyèl pou elèv ki gen don.
- (c) Distri lekòl yo dwe dokimante atanta yo fè pou jwenn konsantman paran an jan yo mande l nan paragraph (3)(b) regleman sa a.
- (d) Konsantman paran an volontè e li kab revoke li nenpòt ki lè anvan aksyon an fèt.
- (e) Eksepte pou evalyasyon fòmèl, endividyèl e pwovizyon inisyèl pou sèvis pou elèv la, konsantman an pa nesèsman obligatwa kòm yon kondisyon pou paran an oubyen elèv la jwenn lòt benefis. Nenpòt ki pwopozisyon oubyen refi pou inisyèl oubyen chanje idantifikasyon, evalyasyon, oubyen plasman edikasyonèl oubyen pwovizyon pou yon edikasyon leta gratis apwopriye pou elèv la apre plasman inisyèl la pa mande konsantman paran an anvan men li mande avi anvan jan yo defini l la nan souseksyon (1) regleman sa a.
- (f) Konsantman paran an pa obligatwa anvan:
 - 1. Revize enfòmasyon ki egziste deja kòm pati yon evalyasyon; oubyen,
 - 2. Administre yon tès oubyen yon lòt evalyasyon yo administre bay tout elèv amwenske, anvan administrasyon tès oubyen evalyasyon sa a, konsantman paran pou tout timoun obligatwa.

(4) Opòtinite pou paran yo egzamine dosye e patisipe nan reyinyon

- (a) Paran elèv ki gen don yo dwe jwenn opòtinite, ann akò avèk Regleman 6A-1.0955, FAC., Seksyon 1002.22, Stati Florid yo (F.S.), e regleman sa a, pou enspekte e revize dosye edikasyonèl pitit yo.
- (b) Dwa pou enspekte e revize dosye edikasyon anba regleman sa a genyen ladan dwa pou yon reprezantan paran an enspekte e revize dosye yo ki genyen ladan tout dosye ki gen rapò ak idantifikasyon, evalyasyon, e plasman edikasyonèl timoun nan e pwovizyon pou yon edikasyon leta gratis apwopriye pou timoun nan.
- (c) Paran yon elèv ki gen don dwe jwenn opòtinite pou patisipe nan reyinyon ki gen rapò ak devlopman plan edikasyonèl pitit yo.

(5) Fè evalyasyon ak fon prive

Si yon paran fè yon evalyasyon endepandan ak fon prive ki satisfè obligasyon nan souseksyon (4) Regleman 6A-6.0331, FAC., distri lekòl la dwe konsidere rezilta evalyasyon an nan kèlkeswa desizyon li pran ki genyen rapò ak detèminasyon e elijibilite pou sèvis edikasyon elèv eksepsyonèl.

- (a) Yo kab prezante rezilta yon evalyasyon konsa kòm prèv nan nenpòt odyans ki otorize anba souseksyon (7) regleman sa a.
- (b) Si yon jij administratif pou lalwa mande yon evalyasyon edikasyonèl endepandan kòm pati yon odyans, frè evalyasyon an dwe fèt ak fon leta, jan yo defini li a nan paragaf (7)(c) Regleman 6A-6.03411, FAC.

(6) Pwosedi pou Plent nan Eta a

Depatman Edikasyon an dwe ofri paran yo ak lòt moun ki enterese opòtinite pou rezoud akizasyon ke yon distri lekòl vyole obligasyon eta a konsènan edikasyon elèv ki gen don nan etablisman pwosedi pou plent nan eta a.

- (a) Nan (90) jou nan kalandriye a apre yo rapòte yon plent, anba pwovizyon regleman sa a, Depatman Edikasyon an dwe:
 1. Mennen yon investigasyon endepandan nan kote a, si Depatman Edikasyon an detèmine li nesèsè pou fè sa;
 2. Bay moun ki pote plent la opòtinite pou soumèt enfòmasyon adisyonèl,swa oralman oubyen alekri, sou akizasyon ki nan plent la;
 3. Revize tout enfòmasyon ki konsène e fè yon detèminasyon endepandan sou si distri lekòl la vyole obligasyon eta a konsènan edikasyon elèv ki gen don;
 4. Bay yon desizyon alekri sou plent ki adrese chak sijè ki prezante nan plent la e ki genyen dekouvèt sou fè, konklizyon, e rezon pou desizyon final Depatman Edikasyon an; e
 5. Pwolonje limit tan ki etabli nan paragaf (6)(a) regleman sa a si sikonstans eksepsyonèl egziste nan sa ki gen rapò ak yon plent patikilye.

(b) Pwosedè pou enplemantasyon efikas pou desizyon final Depatman Edikasyon an genyen ladan sa k ap suiv yo:

1. Asistans pou aktivite teknik;
2. Negosyasyon; e,
3. Aksyon korektif pou akonpli soumisyon.

(c) Rapò ak pwosedè pou yon odyans.

1. Si yo resevwa yon plent alekri ki gen rapò ak pwosedè pou yon odyans dapre souseksyon (7) regleman sa a, oubyen plent la genyen ladan plizyè sijè, ke youn oubyen plis fè pati nan odyans sa a, Depatman Edikasyon an dwe mete akote nenpòt pati plent yo ap adrese nan pwosedè pou yon odyans lan jiskaske odyans lan fini. Sepandan, nenpòt sijè nan plent la ki pa fè pati aksyon pwosedè pou yon odyans lan dwe rezoud ann ankò avèk pwosedè yo dekri nan souseksyon (6) regleman sa a.
2. Si yo prezante yon sijè nan yon plent yo rapòte anba souseksyon sa a ke yo te deside anvan demand pou pwosedè pou yon odyans ki genyen ladan menm pati yo, desizyon jij administratif pou lalwa a lye e Depatman Edikasyon an dwe enfòme moun k ap pote plent la sou sa.
3. Depatman Edikasyon an dwe rezoud nenpòt plent ki akize distri lekòl la pa enplemannte desizyon pou pwosedè pou yon odyans lan.

(7) Pwosedè pou yon odyans

Pwosedè pou yon odyans disponib pou paran elèv ki gen don e pou distri lekòl yo rezoud bagay ki gen rapò ak idantifikasyon, evalyasyon, oubyen plasman edikasyonèl elèv la oubyen pwovizyon pou yon edikasyon leta gratis ki apwopriye.

- (a) Yon paran oubyen yon distri lekòl dwe inisyè jijman sa yo sou pwopozisyon oubyen refi pou inisyè oubyen chanje idantifikasyon, evalyasyon, oubyen plasman edikasyonèl elèv oubyen pwovizyon pou yon edikasyon leta gratis apwopriye pou elèv la.
- (b) Yon odyans dwe fèt pa yon jij pou lalwa administratif ki soti nan Divizyon Administratif pou Odyans, Depatman Sèvis Manajman, nan non Depatman Edikasyon an.
- (c) Yon jij pou lalwa administratif (ALJ) dwe itilize souseksyon (7) regleman sa a pou nenpòt nan odyans sa yo e li dwe fè odyans yo ann ankò avèk Regleman Inifòm pou Pwosedè Administratif, Chapit 28-106, FAC., jan ALJ a panse li apwopriye a ki genyen ladan, men ki pa limite a: otorite yon pati pou mande yon odyans anvan konferans la, otorite ALJ a pou prezante manda pou egzije prezans temwen yo e pwodiksyon dosye yo, e otorite ALJ a pou prezante rezime lwa yo nan absans yon fè kle yo dispite.
- (d) Stati yon elèv pandan pwosedè yo.

1. Pandan tan yon pwosede administratif oubyen jidisyè konsènan yon pwosedi pou yon odyans poko fini, amwenske distri a ak paran elèv la dakò otreman, elèv ki enplike nan pwosede a dwe rete nan chaj edikasyonèl li ye a. Si pwosede a genyen ladan yon aplikasyon pou admisyon inisyal pou lekòl leta, yo dwe plase elèv la, avèk konsantman paran an, nan yon pwogram lekòl leta jis lè tout pwosede yo fini.
2. Si jij pou lalwa administratif la dakò avèk paran an e li wè yon chanjman plasman ki apwopriye, plasman sa a vin tounen plasman yo dakò sou li a pandan apèl la poko fini.

(e) Dwa pou odyans pou tout pati yo.

1. Nenpòt pati nan yon odyans yo fè dapre souseksyon (7) regleman sa a gen dwa pou:
 - a. Pou yon konseye legal oubyen yon reprezantan ki kalifye reprezante yon moun anba kalifikasyon e estanda ki nan Regleman 28-106.106, 28-106.107, FAC., oubyen pou moun nan akonpaye oubyen jwenn konsèy yon moun avèk konesans espesyal oubyen fòmasyon ki gen rapò ak pwoblèm elèv ki genyen don, oubyen nenpòt konbinezon ki anwo a;
 - b. Pou prezante prèv, e pou konfwonte, entèwoje, e fòse prezans temwen yo;
 - c. Pou defann entwodiksyon yon prèv nan odyans lan yo pat deja devwale bay pati sa a pou omwen senk (5) jou biznis anvan odyans lan;
 - d. Pou jwenn rekò odyans lan alekri, oubyen nan opsyon paran yo, elektwonik, rekò mo pou mo sou odyans lan ki pap koute paran yo anyen; e
 - e. Pou jwenn dekouvèt sou fè ak desizyon alekri, oubyen nan opsyon paran yo, elektwonik, rekò mo pou mo sou odyans lan ki pap koute paran yo anyen.
2. Revelasyon sou enfòmasyon adisyonèl.
 - a. Pou omwen senk (5) jou biznis anvan yo fè yon odyans dapre souseksyon (7) regleman sa a, chak pati dwe revele bay tout lòt pati yo tout evalyasyon ki fini nan dat sa a e rekòmandasyon ki baze sou pati k ap ofri evalyasyon yo ke pati a genyen entansyon pou itilize nan jijman an.
 - b. Yon jij administratif pou lalwa kab anpeche nenpòt pati ki pa reyisi nan konfòme li ak sou paragraf (7)(e)2. regleman sa a pou entwoudi evalyasyon ki konsène oubyen rekòmandasyon nan odyans lan san konsantman lòt pati a.

(f) Dwa paran nan odyans yo. Yo dwe bay paran ki enplike nan odyans yo, anplisde dwa yo dekri nan paragraf (7)(e) regleman sa a, dwa pou:

1. Fè pitit yo ki se rezon pou odyans lan prezante; e
2. Ouvri odyans lan pou piblik la.

(g) Fonksyon ak responsablite sipèntandan an oubyen moun li deziye a dwe genyen ladan:

1. Enplemante pwosedi ki mande pou paran yon timoun ki gen don, oubyen avoka ki reprezante timoun nan, pou ofri avi bay distri lekòl la. Avi yo mande a, ki dwe rete konfidansyèl, dwe genyen ladan: non timoun nan; adrès rezidans timoun nan; non lekòl timoun nan prale a; yon deskripsyon sou nati pwoblèm ki relate avèk inisyasyon oubyen chanjman yo pwopoze a, ki genyen ladan fè ki relate ak pwoblèm nan; e, yon rezolisyon paran yo pwopoze pou pwoblèm nan jan yo konnen li a e ki disponib pou yo lè sa a. Sepandan, distri lekòl la pa dwe nye oubyen pwolonje dwa paran an pou pwosedi pou yon odyans poutèt li pat reyisi bay avi sa a.
2. Imedyatman soumèt pa faks bay Divizyon Jijman Administratif yo demand paran an pou yon odyans lè yo resevwa li;
3. Notifye tout pati konsènan dwa yo genyen ak responsablite yo genyen anvan, pandan, e apre odyans lan. Avi sa a dwe genyen ladan enfòmasyon pou paran an sou nenpòt frè legal oubyen nan yon pri redui e lòt sèvis ki relate, ki disponib, si paran an mande enfòmasyon sa a oubyen si paran an oubyen distri lekòl la inisyè yon odyans.
4. Detèmine si yon entèprèt nesèsè e fè aranjman pou jwenn yon entèprèt jan yo mande l la;
5. Konfòme avèk regleman jij administratif pou lalwa a konsènan demand ak echanj pou evidans; dekouvèt; repòtaj sou mosyon yo e, pwogramasyon, pou satisfè obligasyon regleman, e datlimit yo etabli ladan.
6. Ranje pou pwovizyon ak peman pou asistans klèk la, odyans lan, itilizasyon lokal yo, e yon rapò mo pou mo sou odyans lan;
7. Satisfè lòt responsablite komisyon konsèy lekòl la espesifye.

(h) Fonksyon ak responsablite Depatman Edikasyon an dwe genyen ladan:

1. Mentni yon lis moun ki sèvi kòm jij pou lalwa administratif ki gen ladan yon deklarasyon sou kalifikasyon chak moun sa yo; e,
2. Mentni yon endèks dènnye lòd yo bay sou odyans yo e ofri enfòmasyon sa a bay piblik la si yo mande l.

(i) Fonksyon ak responsablite jij pou lalwa administratif la dwe:

1. Etabli dat, lè, ak lokasyon pou odyans lan e fè apèl pou konferans anvan odyans lan e mosyon pou odyans lan. Chak odyans ki genyen ladan diskisyon dwe fèt nan yon lè ak yon kote ki rezonabman konvenyan pou paran yo ak pitit yo.
2. Fè odyans lan nan yon fason ki jis e enpasyal;
3. Asire tout dekouvèt, pratik mosyon, e pwosedi anvan odyans lan fèt nan yon fason ekspeditif, ki konsistan avèk datlimit ki etabli nan regleman an konsènan echanj evidans e prezantasyon dènnye desizyon an.
4. Detèmine si paran an vle yon kopi elektwonik oubyen alekri sou dènnye desizyon an ak rekò administratif odyans lan;
5. Detèmine si paran an vle odyans lan ouvri pou piblik la e si paran an vle pitit li ale nan odyans lan;
6. Detèmine si konseye oubyen reprezantan paran an genyen ase konesans oubyen fòmasyon sou elèv ki gen don;
7. Detèmine kijan yo kab echanje evidans anvan e pandan odyans lan;
8. Detèmine kijan yo kab egziye temwen yo pou yo ale, pou yo entewoje yo, e pou yo konfwonte yo pandan dekouvèt nan odyans lan;
9. Detèmine konbyen evalyasyon ak rekòmandasyon yo kab devwale anvan e pandan yon odyans;
10. Rezime fè yo ak dekouvèt yo sou ka a e rive a yon desizyon san patipri e ki sèlman baze sou enfòmasyon yo te prezante pandan odyans lan;
11. Rive nan yon desizyon final e poste kopi fè yo bay tout pati yo, dekouvèt ak desizyon konsènan odyans lan nan karant-senk (45) jou distri a te resevwa demand paran an oubyen repòtaj demand distri a pou yon odyans, depann sou sak vini anvan an.

12. Responsab pou soumèt tout datlimit ak pwosedi ki etabli nan stati ak regleman odyans sa yo;
 13. Mentni konfidansyalite sou tout enfòmasyon; e
 14. Fè regleman sou demand ekstansyon tan espesifik ki depase peryòd ki nan souseksyon (7) regleman sa a, sou demand nenpòt ki pati.
- (j) Aksyon sivil. Yon desizyon ki fèt anba souseksyon (7) regleman sa a dwe final, amwenske, nan trant (30) jou, yon pati ki aflije pa yon desizyon pote yon aksyon sivil nan tribinal zòn eta a sanzega pou kantite kontwovès, jan sa ye nan Seksyon 1003.57(5), F.S. Tribinal zòn eta dwe: resevwa dosye pwosede rekò administratif yo; tandè, nan fason apwopriye, prèw adisyonèl sou demand yon pati; e, baze desizyon li sou enpòtans prèw la, dwe akòde soulajman li detèmine ki apwopriye. Ann altènatif, nenpòt ki pati ki aflije akòz desizyon jij pou lalwa administratif la dwe genyen dwa pou mande yon revizyon enpasyal nan lakou apèl distri apwopriye a jan sa ye nan Seksyon 120.68 ak 1003.57(5), F.S.

Otorite Espesifik 1001.02(1)(2)(n), 1003.01(3)(a)(b), 1003.57(5) FS. Lwa ki Enplemante 1001.42(4)(l) 1003.01(3)(a)(b), 1003.57(5), 1001.03(8) FS. Istwa – Nouvo 9-20-2004.



Depatman Edikasyon Leta Florida
Dr. Tony Bennett, Commissioner

ESE 310581

Revised 02/13